

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Wawacan nya éta hiji carita anu didangding, digelar dina wangun pupuh. Wawacan dibaca ku cara ditembangkeun, ti tabuh 20.00 nepi ka jam 05.00. Ieu acara téh sok dipaké dina acara kawinan jeung sunatan.

Dumasar hasil analisis, dina ieu panalungtikan téh bisa dicindekeun saperti kieu:

- 1) naskah *Wawacan Surya Ningrum* mangrupa naskah kawilang heubeul, téks naskah ngagunakeun basa Sunda tur maké aksara Pégon. Bahan naskah dijieu tina kertas bodas sarta kandelna 365 kaca. Warna kertasna semu gading alatan geus heubeul, tapi tulisanna masih kabaca kénéh. Mangsi anu digunakeun warna hideung, mangsi warna beureum pikeun tanda baca.
 - 2) *Wawacan Surya Ningrum* diwangun ku 14 pupuh, nya éta pupuh asmarandana, sinom, dangdanggula, kinanti, durma, pucung, pangkur, gambuh, wirangrong, magatru, maskumambang, juru demung, mijil, jeung lambang. Téks salengkepna diwangun ku 1.271 pada.
 - 3) *Wawacan Surya Ningrum* téh dipedar sacara struktur ngawengku fakta carita (palaku/watek, galur/plot, latar/setting, jeung téma).
- Hasil analisis dina palaku carita aya 29 palaku. Nu ngawengku, palaku utama (*Surya Ningrum*), palaku kadua (*Surya Ningrat jeung Raja Duryan*), sarta 26 palaku tambahan. Galur anu digunakeun dina ieu *Wawacan Surya Ningrum* nya éta galur mérélé, anu dimimitian ku nyaritakeun Karajaan Banurungsih. Latar nu aya dina dina *Wawacan Surya Ningrum* nya éta aya tilu: latar tempat, waktu, jeung suasana. Téma dina *Wawacan Surya*

Nurlaelasari, 2014

Analisis struktur wawacan surya ningrum Pikeun bahan pangajaran maca carita buhun Disma kelas xii

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Ningrum nya éta nyaritakeun kasatiaan Surya Ningrum ka Surya Ningrat nu dibungkus ku peristiwa marebutkeun Karajaan Banurungsih.

- 4) hasil tina panalungtikan bisa dijadikeun bahan ajar dina kaparigelan maca, nya éta maca carita buhun di SMA kelas XII. Hal ieu disaluyukeun jeung Kompetensi Inti jeung Kompetensi dasar (KI-KD).

5.2 Saran

Tina hasil panalungtikan aya sababaraha saran anu ditepikeun jeung bakal ngaronjatkeun hasil kana aprésiasi karya sastra, di antarana ieu di handap:

- 1) Pikeun panalungtik sastra buhun (wawacan)

Sabada ngalakukeun panalungtikan, tépéla yén sastra buhun (hususna wawacan) loba ngandung ajén nu kawilang luhung. Ku kituna, naskah-naskah wawacan anu masih kénéh aya di masarakat kudu bisa ditalungtik jeung dipedar sangkan bisa kabaca jeung kaharti pikeun generasi muda.

- 2) Guru Basa Sunda

Sangkan guru basa Sunda miboga pangaweruh ngeunaan sastra buhun, hususna wawacan. Sarta bisa méré pangaweruh anu aya patalina jeung karya-karya sastra buhun atawa carita wawacan.

- 3) Pikeun Masarakat

Sangkan bisa ngahudangkeun rasa kareueus jeung karep pikeun hayang ngamumulé, sarta ngariksa karya sastra heubeul sangkan teu kaéréh ku kamekaran jaman.

- 4) Pikeun Lembaga Atikan

Hasil panalungtikan ieu jadi pangdeudeul pikeun bahan pangajaran di SMA/SMK/MAN. Hususna dina maca carita buhun.

Nurlaelasari, 2014

*Analisis struktur wawacan surya ningrum Pikeun bahan pangajaran maca carita buhun Di
sma kelas xii*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu



Nurlaelasari, 2014

*Analisis struktur wawacan surya ningrum Pikeun bahan pangajaran maca carita buhun Di
sma kelas xii*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu